


<https://attorneygeneral.delaware.gov/publictrust/faqs/>

Èske Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la yon bon kote pou plent mwen an?

Anvan w soumèt yon fòm plent bay Divizyon Dwa Sivil ak Konfyans Piblik la, gade anba a pou wè si DCRPT gen konpetans pou plent ou an. Gen anpil antite gouvènman Delaware ki dapre lalwa gen jiridiksyon sou plent ki enplike dwa sivil endividi yo oswa pwoblèm konfyans gouvènman an. Anjeneral, Divizyon Dwa Sivil Depatman Lajistis Delaware a kapab patisipe sèlman lè gen “modèl ak pratik” diskriminasyon ilegal – vyolasyon miltip pa menm endividi yo oswa menm antite a.

- Diskriminasyon nan akomodasyon piblik: [Komisyon Relasyon Imen Delaware](#)
- Diskriminasyon nan Lojman: [Komisyon Relasyon Imen Delaware](#)
- Diskriminasyon nan anplwa: [Depatman Travay Delaware](#)
- Plent Asosyasyon Pwopriyete Kay/Asosyasyon Kominote: [Ombudsperson Enterè Kominote Komen](#)
- Fwod ak Lòt Pwoteksyon pou Konsomatè, ak Plent Konsènan Pwopriyete ak Lokatè: [Inite Pwoteksyon Konsomatè Depatman Lajistis Delaware](#)
- Plent konsènan Konduit Pwofesyonèl Envestisman yo ak Sektè Valè Imobilye yo: [Inite Pwoteksyon Envestisè Depatman Lajistis Delaware](#)
- Plent pou sipò pansyon timoun: [Divizyon Ranfòsman Sipò pou Pansyon Timoun](#)
- Konsèy sou Krim: [Sèvis lit kont krim nan Delaware](#)
- Plent kont Fwod Fiskal: [Divizyon Revni yo](#)
- Plent konsènan Elektrisite, Gaz Natirèl, Petwòl, Kab, Dlo ak Lòt Sèvis Piblik yo: [Avoka Piblik Delaware](#)
- Plent konsènan Notè Piblik nan Delaware: [Depatman Deta Delaware](#)
- Plent konsènan Konduit yon Avoka Delaware: [Biwo Konsèy Disiplinè a](#)
- Plent konsènan yon Jij Delaware: [Tribinal sou pouvwa jidisyè a](#)
- Plent konsènan kondisyon prizon yo, pwoblèm nan vizit prizonye yo, kote prizonye yo ye, elatriye: [Depatman Koreksyon](#) 
- Plent konsènan Bank yo: [Biwo Komisè Bank Eta a](#)